

Enskripsyon pou Ane Eskolè k ap Vini an

Enskripsyon (K-12) disponib kounye a atravè Pòtay Paran Focus (Focus Parent Portal)



Byenvini nan Distri Lekòl Lee County!

> Enskri si w gen yon timoun:

- k ap antre nan lekòl matènèl/jadendanfan (timoun ki pral gen 5 an 1ye septanm oswa anvan sa) pou ane lekòl k ap vini an;
- k ap soti nan yon lekòl prive oswa yon lekòl endependan pou ale nan yon lekol publik Lee County pou ane lekòl k ap vini an;
- ki demenaje nan Lee County pandan w soti nan yon lòt rejon oswa nan yon lòt eta pou w ale nan yon lekòl publik Lee County pou ane lekòl k ap vini an.

> Avantaj w ap jwenn lè w enskri:

- Paran yo ap gen pou sèvi ak Pòtay Paran Focus (Focus Parent Portal) la pou antre dokiman enskripsyon yo.
- Frè ak sè yo ap gen pou yo ansanm, sa k ap pèmèt yo plase yo nan lekòl yo prale a anvan lotri mwa mas la.
 - *Enpòtan: Frè ak sè yo dwe gen menm paran ak adrès pou yo kapab ansanm epi fòk frè ak sè k ap antre yo enskri pou ane eskolè k ap vini an.*
- Paran yo pral kapab klase lekòl yo lè yo sèvi avèk Pòtay paran Focus (Focus Parent Portal) la pandan Enskripsi Louvri pou Elèv yo.

> Enskri sou entènèt (K-12):

- Rasanble tout dokiman obligatwa sa yo ki nan lis sou bò dwat la.
- Aksede fòm enskripsiyo yo atravè Pòtay Paran Focus (Focus Parent Portal) (<https://www.leeschools.net/focus>)
 - Paran ki pa gen yon kont sou Pòtay Paran Focus yo ap gen bezwen pou kreye yon kont.
 - Paran ki gen yon Kont sou Pòtay Paran Focus yo ap gen bezwen pou konekte sou kont sa.
- Apati kont Pòtay Paran Focus ou an, chwazi FORM (FÒMILÈ), apresa "Online Forms" (Aplikasyon sou Entènèt)
- Antre enfòmasyon epi ajoute dokiman ki apwopriye yo nan tout espas ki obligatwa yo.
- Lè w fin ranpli l, soumèt aplikasyon w lan - w ap resevwa yon imèl konfirmasyon nan adrès imel ou te bay lè ou t ap kreye kont ou an.

Imèl pou Enskripsi Elèv yo nan studentenrollment@leeschools.net

Ou bezwen vizite Biwo Enskripsi Elèv la?

Biwo Enskripsi Elèv la aksepte randevou ak enskripsiyo yo
soti Lendi pou rive Vandredi apati 9 a.m. pou rive 3:30 p.m. atravè QLess
(<https://www.leeschools.net/qless>).

Dokiman Obligatwa



Egzamen Fizik

(Fòk dat la pa depase 12 mwa)



Sètifikasi vaksinasyon Florid

Ou kakab mande doktè ou oswa
Depatman Sante li nan 239.461.6100



Prèv adrès

(Bòdwo sèvis publik oswa kontra lwaye)



Batistè Timoun nan



Kat Sekirite Sosyal

(si disponib)




Dokiman ki ba w otorite legal sou timoun nan

(Si li aplikab)



Ankèt sou lang nou pale lakay nou



Pyès idantite ki gen foto paron